1-ДЕКАБРЬ – ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНЕ МӘМЛЕКЕТЛИК ТИЛ БИЙЛИГИ БЕРИЛГЕН КҮН

# ҒАЛАБАЛЫҚ ДИКТАНТ ИЛАЖЫ



**Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында Қарақалпақстан Республикасы «Мәмлекетлик тил ҳаққында»ғы нызамы қабыл етилгениниң 36 жыллығына бағышланған ғалабалық диктант илажы шөлкемлестирилди.**

Илажда институттың барлық факультетлеринен студент-жаслар, профессор-оқытыўшылар, тьюторлар, педагог ҳәм қәниге хызметкерлер — улыўма 300ге шамалас қатнасыўшы белгиленген ўақыт даўамында текстти қарақалпақ тилиниң имла қағыйдаларына сәйкес түрде жазыўға ҳәрекет етти. Диктант процесинде қатнасыўшылар ушын қарақалпақ тилиниң жәмийеттеги орны ҳаққында жазылған текст сайлап алынды.

Ғалабалық диктантты өткериўден гөзленген баслы мақсет — институт жәмәәти, соның ишинде, жаслар арасында қарақалпақ тилине ҳүрмет сезимин күшейтиў, саўатлылық мәденияты ҳәм қарақалпақ тилиниң абырайын еле де арттырыўдан ибарат болды.

Ғалабалық диктант жуўмақлары бойынша жеңимпаз болған ҳәм белсене қатнасқан жаслар шөлкемлестириўшилер тәрепинен тил байрамы кешесинде салтанатлы түрде сыйлықланады.

Илаж қарақалпақ тилиниң мәмлекетлик тил сыпатындағы дәрежеси, тарийхый әҳмийети ҳәм бүгинги күнде оның қолланыў шеңберин кеңейтиў бағдарындағы жумысларды үгит-нәсиятлаўға хызмет етти.

Жаслар арасында қарақалпақ тилине болған ҳүрметти еле де беккемлеўге бағдарланған бундай ағартыўшылық илажлары алдағы ўақытларда да даўам етеди.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**

СПОРТ СПОРТ СПОРТ

# Гүлистан ПЕРДЕБАЕВАҒА «ЕҢ ЖАҚСЫ САБЛЯШЫ» СЫЙЛЫҒЫ ТАПСЫРЫЛДЫ




**Көпшиликтиң хабары болса керек, октябрь айында Халықаралық қылышласыў федерациясы (FIE) жыл жуўмақлары бойынша ең жақсы спортшылардың дизимин жәриялаған еди.**

Қуўанышлы тәрепи сонда, олардың арасында еки ўатанласымыз, сабля бойынша жаслар арасында жәҳән рейтингиниң жетекшиси, Өзбекстан сайланды командасының ағзасы Гүлистан Пердебаева усы бағдарда ең жақсы спортшы, төрешилик бойынша үлкен жетискенликлерге ерисип атырған Дилором Турдықулова шпага бағдарында ҳәзирги ўақыттағы ең жақсы 3 төрешиден бири сыпатында тән алынды.

Жақында Бахрейн пайтахты Манама қаласында FIE ўәкили В.Логвин жерлесимиз Гүлистан Пердебаеваға естелик алтын медалын салтанатлы түрде тапсырды.

— Аллатаалаға мың қәтле шүкир, қызымның бундай жоқары мәртебеге ерискенине оғада қуўанышлыман, -дейди Гүлистанның анасы, белгили журналист ҳәм илимпаз Тамара Машарипова. — Бунның ушын қызымның тренерлерине үлкен рахмет айтаман...

Биз де өз гезегинде республикамыздың мақтанышына айланған бул әжайып спортшымызды қолға киргизген үлкен табысы менен қутлықлап, оның алдағы жарысларда да жеңимпаз болыўына тилеклеслик билдиремиз.




# ПОРТУГАЛИЯ ЖАСЛАРЫ – ЖӘҲӘН ЧЕМПИОНЫ

**Басланған ҳәр қандай истиң ақыры болатуғынындай, 17 жасқа шекемги футболшылар арасында Қатар майданларында болып өткен гезектеги жәҳән чемпионаты да өз жуўмағына жетти. Үш ҳәптеден аслам ўақыт даўамында дүнья спорт ышқыпазлары үлкен футбол әлемине енди қәдем таслап атырған жас футбол шеберлериниң ҳәрекетлерине гүўа болды.**

48 сайланды команда қатнасқан бул турнирдиң финалына португалиялы ҳәм австриялы жас өспиримлер шықты. Олар арасындағы шешиўши ойын әдеттегидей «Эспайр» академиясының майданларында емес, ал, «Халифа Интернейшнл» стадионында болып өтти. Дерлик тең гүреслер астында өткен ушырасыў Португалияның киши есаптағы (1:0) жеңиси менен жуўмақланды. Ойындағы жалғыз голды 32-минутта португалиялы Анисиу өткерди.




Солай етип, Португалия сайланды командасының жас футболшылары өз тарийхында биринши мәрте жәҳән чемпионына айланды. Үшинши орын ушын болған беллесиўде болса Италия Бразилияны пенальтилер сериясында тәслим етти ҳәм турнирдиң қола медальларын жеңип алды.

Биз ушын есте қалатуғын жери, бул жәҳән чемпионатына Өзбекстан сайланды командасының жас футболшылары да қатнасып, 1/8 финалға шекем жетип барды. Бул басқышта олар үшинши орынды ийелеген Италиядан жеңилген (2:3) болса да, өзлериниң шебер ойынлары менен көпшилик футбол ышқыпазларының ядында қалды. Әсиресе, командамыз қурамында қарақалпақстанлы Азиз Еримбетов пенен Нурбек Сарсенбаевлардың ҳәрекет етиўи, Азиздиң болса Италия дәрўазасына гол урыўы ерксиз мақтаныш сезимлерин оятты. Неге дегенде, қарақалпақ футбол мектебиниң ўәкиллери де жәҳән футбол аренасына батыл қәдем тасламақта.

**С.ЖАНИЕВ.**

# ҚЫЗ ПАЛЎАНЛАРЫМЫЗ БЕЛСЕНДИЛИК КӨРСЕТТИ

**Ташкент қаласында өткерилип атырған «Президент Олимпиадасы» жарысларының үшинши күни ҳаял-қызлар гүреси бойынша Қарақалпақстан Республикасы сайланды командасы ушын оғада табыслы келди.**

Атап айтқанда, қызларымыз 40 кг, 43 кг, 46 кг, 49 кг, 53 кг, 57 кг, 61 кг, 65 кг, 69 кг ҳәм 73 кг салмақ категориялары бойынша беллесиўлерге түсип, жеңимпазлық ушын кескин гүрес алып барды. Оғада қыйын өткен беллесиўлер жуўмағында 49 кг салмақта Камила Абатбаева барлық қарсыласларын жеңип, алтын медаль ийесине айланған болса, 40 кг да Улбосын Әлимбаева, 46 кг да Нафиса Шамуратова, 57 кг да Улбосын Қәдирбергенова, 69 кг да Рабия Турдымуратовалар гүмис, 43 кг да Сабоҳат Жоллыбаева, 53 кг да Сисагул Сарсенбаева, 57 кг да Шахсәнем Төрениязова, 61 кг да Феруза Кайратдинова ҳәм 73 кг да Феруза Сметовалар қола медалын қолға киргизди.

Солай етип, командамыз ағзалары кешеги күн жуўмағы бойынша, 1 алтын, 4 гүмис ҳәм 5 қола медальларын жеңип алды.

Қызларымызды бул жарысқа Айнура Жапақова, Барзу Қилибаевлар таярлады.

**Әдилбай ОРАЗОВ,**
**Қарақалпақстан хабар агентлиги шолыўшы.**



# И.В.САВИЦКИЙ МУЗЕЙИ ТОПЛАМЫНДАҒЫ ТАРИЙХЫЙ ҚОБЫЗ

**Музей топламында саз әсбапларын соғатуғын белгили уста Сейтнияз Жарымбетов тәрепинен 1967-жылы музейге тапсырылған сийрек ушырасатуғын қобыз сақланады. Бул экспонат тарийхый ҳәм мәдений жақтан айрықша әҳмийетке ийе.**

Қобыз — ат жалынан исленген еки қатар тарға ийе қарақалпақлардың дәстүрий саз әсбабы. Оның бөлеклерге бөлинетуғын дүзилиси көшпели турмыс кеширген жыраўлар, яғный, эпикалық дәстан айтыўшылар ушын жүдә қолайлы болған. Олар халық аўызеки дөретиўшилигин усы саз әсбабының тыныш ҳәм тартымлы сеслери астында намаға салып айтқан.

Тут, ерик, жийде ҳәм қараман сыяқлы жергиликли терек түрлеринен жасалған бул қобыз Қарақалпақстанның музыка тараўындағы бай дәстүрлерин сәўлелендиреди. Бүгин жыраўшылық көркем өнери әсте-ақырын жоғалып баратырған бир ўақытта, бундай саз әсбапларын қәстерлеп сақлаў оғада әҳмийетли.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**

ИНСАН. ЖӘМИЙЕТ. НЫЗАМ.

# МӘПЛЕР СОҚЛЫҒЫСЫЎЫНА ҚАРСЫ ГҮРЕСЕЙИК

Заманагөй басқарыў системасында ҳадаллық, ашық-айдынлық ҳәм хызмет мәплерине үстинлик қойыў принциплери айрықша орынды тутады. Усы мүнәсибет пенен мәплер соқлығысыўы түсинигиниң мазмунын дурыс түсиниў ҳәм бундай жағдайлардың алдын алыў бойынша нәтийжели илажларды ислеп шығыў, актуал ўазыйпалардан бири болып есапланады. Елимизде, бул бағдарда унамлы жумыслар алып барылмақта. Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Мәплер соқлығысыўы ҳаққында»ғы Нызамы қабыл етилгенлиги тосыннан емес. Себеби, бул унамсыз иллетке қарсы гүресиўде қабылланған ҳүжжет, елимиздиң раўажланыўына кедерги жасаўының алдын алыўға айқын қәдем таслаў болды десек алжаспаймыз.

Мәплер соқлығысыўы — бул лаўазымлы шахстың өз хызмет ўазыйпаларын атқарыў ўақтында, жеке өзиниң яки жақын туўысқанларының мәплери менен мәмлекет ямаса хызмет мәплериниң ортасында қарама-қарсылық пайда болған жағдай болып табылады. Бул жағдай әдетте қарар қабыллаў процесиниң әдалатлылығына унамсыз тәсир көрсетеди ҳәм өз-өзинен қалыслық принципиниң бузылыўына алып келеди.

Негизинде, мәплер соқлығысыўы ҳәр бир тараўда төмендегидей унамсыз ақыбетлерди келтирип шығарады:

- мәмлекет ҳәм жәмийетлик шөлкемлерине болған исенимниң пәсейиўине;
- нызамға қайшы келетуғын қарарлар қабыл етилиўине тийкар жаратылыўына;
- коррупциялық қәўип-қәтерлердиң күшейиўине;
- шөлкем ишинде әдеп-икрамлылық нормалардың бузылыўына алып келеди.

Мине, бундай жағдайлардың барлығы социаллық турақлылыққа, мәмлекетлик басқарыўдың нәтийжелилигине ҳәм экономикалық раўажланыў процесслерине унамсыз тәсирин көрсетеди.

Мәплер соқлығысыўының алдын алыў мақсетинде төмендеги илажларды әмелге асырыў оғада әҳмийетли саналады:

1. Нормативлик-ҳуқықый базаны беккемлеў. Мәплер соқлығысыўын анықлаў, белгилеп өтиў ҳәм сапластырыў бойынша анық механизмлерди белгилеўши нызамшылық ҳүжжетлери ислеп шығылыўы лазым.

2. Этикалық кодекслердиң енгизилиўи. Ҳәр бир мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлерде хызметлердиң искерлигин тәртипке салыўшы әдеп-икрамлылық кодекслери әмелиятқа енгизилиўи керек.

3. Ашық-айдынлықты күшейттириў. Қарар қабыллаў процесслериниң ашық-айдынлығын тәмийинлеў, мәпдар тәреплердиң қатнасыўын шеклеў арқалы қалыслықты арттырыў.

4. Кадрлар потенциалын арттырыў. Ҳәр бир шөлкемде ислеўши хызметкерлерге мәплер соқлығысыўы түсиниги, оның ақыбетлери ҳәм оның алдын алыў усыллары бойынша турақлы түрде оқыў-семинарларын шөлкемлестирилиўи мақсетке муўапық болады.

Жуўмақластырып айтқанымызда, мәплер соқлығысыўы — бул тек ғана әдеп-икрамлылық емес, ал, институционаллық машқала сыпатында қаралыўы лазым болған ҳәдийсе есапланады. Бундай жағдайлардың алдын алыў арқалы шөлкем ҳәм жәмийетте әдалат, исеним ҳәм нәтийжелиликке ерисиў мүмкин. Сонлықтан да, мәплер соқлығысыўына қарсы гүресиў ҳәр бир шөлкем ҳәм басшының әҳмийетли ўазыйпасына айланыўы керек.

**Ш.АМЕТОВ,**
**Нөкис қалалық Әдиллик бөлиминиң юридикалық хызмет көрсетиў орайының бас юристконсульты.**

# ХАБАРЛАНДЫРЫЎ ҲӘМ ДАҒАЗАЛАР

**Қарақалпақстан медицина институты сайлаў мүддети питкен, төменде көрсетилген кафедра лаўазымларына таңлаў өткерилиўин мәлимлейди**

| № | Кафедралар аты | Таңлаў дағаза етилген лаўазымлар | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Кафедра баслығы | Доцент | Аға оқытыўшы | Ассистент, оқытыўшы |
| 1 | Физиология, биофизика ҳәм медицинада мәлимлеме технологиясы кафедрасы | - | - | 1 | - |
| 2 | Педиатрия кафедрасы | - | - | 1 | - |
| 3 | Шаңарақ медицинасы ҳәм ишки кеселликлер кафедрасы | - | 1 | 1 | - |
| 4 | Гигиена ҳәм қоршаған орталық, эпидемиология кафедрасы | - | - | - | 1 |
| 5 | Превентив медицина тийкарлары, халық медицинасы ҳәм неврология кафедрасы | - | 1 | 1 | - |
| 6 | Ишки кеселликлер пропедевтикасы, эндокринология ҳәм психиатрия кафедрасы | 1 | - | 1 | - |
| 7 | Оториноларингология, офтальмология, онкология ҳәм медициналық радиология кафедрасы | - | - | - | 1 |
| 8 | Стоматология кафедрасы | - | - | - | 1 |
| 9 | Жуқпалы кеселликлер ҳәм дермотовенерология кафедрасы | - | 1 | - | 1 |
| 10 | Балалар хирургиясы, травматологиясы, анестезиология ҳәм реанимациясы кафедрасы | 1 | 1 | - | - |

**Еслетпе:** Таңлаўда дағаза етилген орынларға Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2015-жыл 25-августтағы 246-санлы қарары «Жоқары билимлендириў мәкемелерине педагог хызметкерлерди таңлаў тийкарында жумысқа қабыллаў тәртиби ҳаққында»ғы талапларына тийкарланып қатнасыўлары мүмкин.

Ректордың атына арза, кадрларды есапқа алыў бойынша жеке ис қағазы, дипломлардың тастыйықланған көширмеси, илимий мийнетлери дизими ҳәм қәнигелигин жетилистиргенлиги ҳаққындағы гүўалығының нусқасы тапсырылады.

Ҳүжжетлер газетада дағаза жәрияланған күннен баслап бир ай мүддет ишинде қабыл етиледи.

Таңлаў шәртлери бойынша қосымша мағлыўматларды ҚМИ Кеңесинен билиўиңизге болады.

**Мәнзилимиз: Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 106-жай. Телефон: (61) 222-84-32.**

«Еркин Қарақалпақстан»-«Вести Каракалпакстана» газеталары редакциясының мийнет жәмәәти усы редакция хызметкери Сапура Турдыбековаға қәйин атасы

**Турғанбай ПАЙЗУЛЛАЕВтың**

қайтыс болыўына байланыслы кеўил айтады.

«ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» — «ВЕСТИ КАРАКАЛПАКСТАНА»

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Министрлер Кеңеси ҳәм редакцияның мийнет жәмәәти.

Газета А-2 форматында ҳәптесине 3 рет шығады. Газетаның көлеми 2 баспа табақ. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизимге алынғанлығы туўралы 2007-жыл 7-февральда берилген гүўалық №01-001.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасынан көширип басылған материалларға газетаның аты көрсетилиўи тийис.

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды.

Авторлардан көлеми 5 беттен зыят (ҳәр бети 30 машинка қатары) материаллар қабылланбайды.

Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер.

Тиражы 858 дана.
Буйыртпа №816
Индекси:
пуқаралар ушын: 2008.
кәрханалар ушын: 2009.

Басыўға руқсат етилген ўақты 17.30.



Бас редактордың ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қурбанбай БАЙНИЯЗОВ

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: 230100, Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Ислам Кәримов көшеси, 109-жай.

Бас редактор 222-88-54, Бас редактордың орынбасары 222-88-56, экономика ҳәм социаллық мәселелер редакциясы, жуўаплы секретарь 222-88-52, аграр-экономикалық редакция, жәмийетлик-сиясий редакция, хатлар ҳәм репортажлар редакциясы, реклама ҳәм дағазалар бөлими 222-85-22, бас есапшы 222-88-59.

Газетаның басылыўына «GOLDEN PRİNT NUKUS» ЖШЖ, газетаны тарқатыўға «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы ҳәм «Матбуот тарқатувчи» ЖШЖ жуўапкер.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

ISSN 2181-5208

Нәўбетши редактор: С.ТУРДЫБЕКОВА.
Нәўбетши: Г.ЖҮГИНИСОВА.